

SS.7.C.3.3

Montre estrikti ak fonksyon (twa branch nan gouvènman an ki etabli nan Atik I, II, ak III avèk pouvwa ki korespondan lan) gouvènman peyi Etazini an jan sa etabli nan Konstitisyon an.

SS.7.C.3.3 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3: Elèv yo ap idantifye pouvwa yo anjeneral ki dekri nan Atik I, II, ak III nan Konstitisyon Etazini an.

Atik Konstitisyon an	Pouvwa yo Anjeneral
Atik I - Branch Lejislatif	<p>Branch lejislatif la gen landann Chanm Repezantan yo ak Sena a, ki rele tou Kongrè a. Kongrè fè lwa yo pou nasyon an tout antye.</p> <p>Nan Atik I, Seksyon 8 nan Konstitisyon Etazini an, yo enimere pouvwa Kongrè a. Sa yo enkli:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Pouvwa pou kolekte taks 2. Pouvwa pou fè pyès monnen lajan 3. Pouvwa pou fè lwa sou imigrasyon 4. Pouvwa pou fè lwa sou komès 5. Pouvwa pou kreye yon lame ak marín 6. Pouvwa pou akize epi retire ofisyè nan biwo 7. Pou apwouve randevou prezidansyèl
Atik II - Branch Egzekitif	<p>Branch egzekitif la gen ladann Prezidan ak Vis Prezidan an. Prezidan an fè respekte lwa yo ke Kongrè a fè.</p> <p>Atik II nan Konstitisyon an dekri pouvwa Prezidan an. Pouvwa sa yo enkli:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Pouvwa pou aplike lwa yo (Direktè Anchèf; "li ap asire ke yo egzekite lwa yo fidèlman") 2. Pouvwa pou voye twoup yo nan konba (Kòmandan an Chèf; "Prezidan an dwe se Kòmandan an Chèf Lame ak Marín peyi Etazini, ak nan Milis nan plizyè eta yo") 3. Pouvwa pou fè trete ak lidè yo nan lòt nasyon 4. Pouvwa pou nonmen moun pou sèvi nan kabinè a, Lakou Siprèm, ak lòt gwo pozisyon nan gouvènman an 5. Pouvwa pou fè gras, eksepte nan ka akizasyon
Atik III – Branch Jidisyè	<p>Branch jidisyè a gen ladann Lakou Siprèm Etazini an ak tout tribinal ki pi ba yo enkli federal, eta, ak lokal yo.</p> <p>Atik III nan Konstitisyon an dekri pouvwa Lakou Siprèm lan. Sa yo enkli:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Pouvwa pou jiridiksyon orijinal (pouvwa pou se yo ki se premye tribinal ki tande yon ka) pou ka ki gen pou wè ak: <ol style="list-style-type: none"> a. Anbasadè b. Pwoblèm maritim (marin) c. Agiman ant de oswa plizyè eta d. Pwoblèm ki gen pou wè ak gouvènman Etazini an 2. Tout lòt ka ki pa nan lis pi wo a vini nan Tribinal la nan jiridiksyon dapèl yo. (Lakou Siprèm la tande yon ka ke yo ti tribinal te tande avan)

akize – pou pote akizasyon fòmèl pou mechanste kont yon ofisye piblik (tankou Prezidan Etazini an)

branch egzekitif – branch gouvènman an ki ranfòse lwa yo ke branch lejislatif la fè

Branch jiridisyè - branch gouvènman ki entreprète lwa ke branch lejislatif fè yo

branch lejislatif - branch gouvènman ki kreye lwa yo

jiridiksyon dapèl - pouvwa pou tande ka dapèl nan ki te jije nan tribinal pi ba yo

jiridiksyon orijinal - pouvwa yon tribinal pou ka tande an premye yon ka sou yon sijè espesifik

Kongrè a – kò nasyonal lejislatif nan peyi Etazini, ki fòme ak Sena a, oswa chanm wo, ak Chanm Reprezantan an, oswa chanm ba

Lakou Siprèm peyi Etazini - tribinal ki pi wo nan peyi Etazini an; li chita sou tèt sistèm tribinal federal la

padonnen - zak fòmèl pou padonnen yon moun oswa èkskize yon erè

pouvwa enimerè yo - Pouvwwa yo ki espesyalman yo te rele ak asiyen nan gouvènman federal la oswa entèdi pou eta yo egzèse yo anba Konstitisyon Etazini an, yo konnen yo tou kòm pouvwa delege

prezidan – Pi gwo chèf nan branch egzekitif la

trete - yon akò oswa yo aranjanman ant de oswa plis peyi

Reprezantan nan lachanm peyi Etazini – chanm ki pi ba nan kongrè a

Sena Etazini – Chanm ki pi wo nan Kongrè peyi Etazini